



SpeakUp™

Fè yon Tès Medikal oswa Laboratwa San Danje

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Ki sa tès medikal ak laboratwa yo ye?

Tès medikal yo gen ladan yo radyografi, MRI, ak eskanè CT. Tès laboratwa yo gen ladan yo tès san ak echantyon pipi.

Kisa ou ta dwe mande sou tès medikal ak laboratwa?

Mande poukisa pitit ou a bezwen fè yon tès. Chache konnen ki tès yo pral fè ak kisa pitit ou a ta dwe pare pou li pandan tès la. Chèche konnen si w ka avèk pitit ou a pandan tès la. Mande si pitit ou a ka manje oswa bwè anvan tès la.

Èske gen risk kèlkonk nan tès medikal oswa laboratwa yo?

Radyografi ak eskanè CT itilize radyasyon. Mande kijan yo pral asire ke pitit ou a resevwa kantite radyasyon ki adapte ak gwosè li. MRI yo sèvi ak leman fò. Metal yo ka rale nan machin MRI a epi blese pasyan an. Asire w ke ou retire tout metal, tankou bijou ak barèt cheve. Si gen nenpòt objè metal ou pa si de li, mande anplwaye a. Mande tou sa ki te fèt pou asire ke pitit ou a an sekirite pandan tès la.

Kisa ou ta dwe fè si pitit ou a ap fè yon tès san oswa yon lòt tès laboratwa?

Mande pou w wè etikèt ki sou veso echantyon pitit ou an prale ladann nan. Etikèt la ta dwe genyen non pitit ou a ak dat nesans oswa yon lòt enfòmasyon. Veye pou veso a sele imedyatman.

Kisa ou ta dwe fè si pitit ou a ap fè yon radyografi, MRI oswa yon eskanè CT?

Mande si yo pral bay pitit ou yon ajan kontras. Sa a se yon likid ki fè ògàn yo ak veso sangen fasil pou wè pandan radyografi ak lòt tès. Di founisè swen ou an si pitit ou a te gen pwoblèm ak ajan kontras anvan sa. Alète founisè swen an imedyatman si pitit ou a kòmanse grate oswa li gen pwoblèm pou respire apre li fin resevwa yon ajan kontras.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

©The Joint Commission (Komisyon miks la) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman kominikasyon antrepriz)